Соколёнок

6/2016
ноябрь - декабрь

# Лачен

0+

ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ХIУКУМАТАЛЪ КIИ-КIИ МОЦIИДАСАН ЛЪИМАЛАЗЕ БАХЪУЛЕБ ЖУРНАЛ





* * *

*МухIамад СагIидов кколаан Хунзахъ районалъул ЦIада росулъа. Москваялъул М.Горькил цIаралда бугеб Литературияб институтги лъугIизабун гьев хIалтIана Авар радиоялъул бетIерав редакторлъун, Учпедгизалда лъималазе рахъулел тIахьазул редакторлъун, гьес авар мацIалде руссинаруна гIемермиллатазул асарал. Исана М. СагIидовас тIубалаан 80 сон.*

## Лъие щиб

*(даргиязул кучIдуздасан)*

Печалъе цIул бокьула,
БуртIие лъим бокьула,
Бачие гIатI бокьула,
ГIакдае хер бокьула,
Дуе, дир вас, бищунго
Бокьула чакар-конфет.

## Вай дир гьитIикI, дир гьитIикI!

Вай дир гьитIикI, дир гьитIикI,
Дир къиматаб хазина,
КьегIер гIадав кIарчамав,
Чилай гIадав цIвакарав.

Дир анищ буго, гьитIикI,
Мун къуватав вукIине!
Дир анищ буго, гьитIикI,
Мун узданав лъугьине!

КIудияв гIедал, гьитIикI,
Дур квеназда рухI лъела.
ХIалтIун щвараб бечелъи
Мискинзабазе кьела.

КIудияв гIедал, гьитIикI,
Мун гIакъилав лъугьина.
Лъелго щиб яги рекIун
Дуца дунял тирила.

Щвела мун накIкIазухъе,
Бихьила дуда гьениб
Ракьалде чвахилалде,
Бахчун чIараб цIадал лъим.

Дур цIадулаб балагьи
ЦIорораблъун букIаги!
Анкь бараб кьегIер гIадин
ХIеренавлъун хутIаги!

# ЦIад гьари

*(лъарагIазул кучIдуздасан)*

Байги, байги чвахун цIад,
Чабхилъ иццал раккила.
Байги, байги чвахун цIад,
Гьелъ нилъее чед гIела!



## Хъаз

– Бихьея хъат!
– Ма, гьале.
– Дур хъатиниб
Ах гьале.
Гьелда бакьулъ
ХIор гьале.
БуртIин килищ
Хъаз гьале.
Гьаб килищалъ
Ккуна хъаз.
ГьитIиналъ
ЦIа бакана,
ЦIетIе ккезе
Гьабуна.
Боржана хъаз
КIалдибе,
Гьенисан
Чохьонибе.

# Кьижа, кьижа, дир канлъи

*(лезгиязул кучIдуздасан)*



**Кьижа, кьижа, дир канлъи,**
**Кьижа, кьижа, дир АхIмад!**
**Дур гIадаб гьайбатаб цIар,**
**Ракьалда дандчIваларо.**
**Кьижа, кьижа дир АхIмад,**
**Кьижа, кьижа, дир канлъи!**

**Хасел халалъаниги,**
**Нухда кватIизе гьечIо,**
**Хеккого их бачIина, –**
**Кьижа, кьижа, дир АхIмад,**
**Кьижа, кьижа, дир канлъи!**

**Ихдал иххал чвахила**
**Ахакье, хурзабахъе,**
**Кинабго тIегьан ина –**
**Кьижа, кьижа, дир АхIмад,**
**Кьижа, кьижа, дир канлъи!**

**Ахаца кьер хисигун,**
**Лъараз бакъназ рачингун,**
**Вохила, мун вохила…**
**Кьижа, кьижа, дир АхIмад,**
**Кьижа, кьижа, дир канлъи!**

**ГъутIбузде тIамах щвела,**
**Наязе гьоцIо щвела,**
**ХIанчIазе гьаракь щвела,**
**Дуе, гьитIикI, рухI щвела,**
**Кьижа, кьижа, дир АхIмад,**
**Кьижа, кьижа, дир канлъи!**

**Мун нижер гьитIинав вас,**
**Месед, гIарац, берзул нур,**
**Бищун къиматаб алмаз…**
**Ахх, кьижа, АхIмад, кьижа,**
**Кьижа, кьижа, дир канлъи!**

*Буссинабуна М.СагIидовас.*




Ругелщинал памятникал гьабзазе дуниялалда лъун, ругелщинал харбал, маргьаби: гьабзазул божилъиялъулги, ритIухълъиялъулги, цIодорлъиялъулги хIакъалъулъ. Цо Барри абураб гьвеца 40 чи хвасар гьавуна. Лайка космосалде боржана. МухIамад Сулимановасул «Беццаб сапар» абураб къисаялда бугеб Нухи абун цIар тараб таращ кигIан лъикIаб гьудуллъун букIараб Набиеги Самиеги. Гьеб къисаялъ асар гьабурал нижер азбаралда ругел лъималаз, эбелги къватIул гьаби тIагIинабулел гIадамаз чIван, хутIараб тарщида цIар лъун букIана Нухи. Эбелги гьечIого ялгъуз хутIараб таращ, лъималаца рокъоса квенги бачIун, хьихьана. ГьитIинаб мехалъ гьелъие шишаялъубеги тIун хахизе рахь кьуна. Шиша бачIана гьитIинай яцалъул букIараб жо, ГIалица. КIудияб гIедалги лъималаз гьеб кваназабуна. Нухи киса-кибего нижеда цадахъ букIунаан, гьеб киназего цIакъ хирияб букIана. КъватIул гьаби кколел гIадамаз нижер Нухиги лъукъана гьелъул тIанчIиги рачун ана. Нижеца гьеб нахъе бачана, хIайваназул поликлиникаялдеги бачун, ругъун къачIана. Гулла гьелъул бетIералда щун букIана. Лъукъаралдаса хадуб гьеб гIадамазукьа хIинкъулаан, гьезда аскIобе инчIого чIезе гIамал гьабулаан. Амма гьеб нижедаса хIинкъулароан, къойил гьелъие квен кьезе хьвадулел рукIиндалха. Гьеб дагь гурони нижеца гьабураб жиндирго рукIелалдаса къватIибе бахъунароан. Цо-цо мехалъ жиндирго лъукъараб бетIер тIад квер бахъун лъухьизе, картIиниса къватIибе баккизабулаан.

Гьаб гIумру гIадамазего гIадин захIматаб буго хIайваназеги, гьезулги гIумруялда жаниб рохелалдаса къварилъи гIемераб букIуна. Гьеле цоги къварилъи щвана нижее лъималазе хирияб букIараб цо катидеги. ГьитIинаб кIиго тIинчIги нахъе тун, гьебги хвана нижер азбаралда. ГьитIинал тIанчIи эбел ялагьизе мимидулаго хьвадулел рукIана азбаралда. Гьел, свакараб мехалъ, цоцазда квачIалги ран, лъимал гIадин регулаан бакъалда. Нижеца гьел кваназарулаан. Кунеб жоги гьез цIакъго дагьаб гурони букIунароан. Гьел Нухиялда кинан рихьарал ва ратаралали лъалев чи ватичIо, амма катил тIанчIи, цо къоялъ, радал Нухиялъе квен босун щведал, гьелъул квачIазда бутIрулги лъун, гьелда аскIор ратана. Нухица байбихьана катил тIанчIазул тIалаб гьабизе, гьел кваназаризе. Цо-цояз абулеб букIана Нухиялда тIанчIаз хахизе рахьгицин бачIун бугилан. Катил тIанчIи рахь букIараб батаниги, букIинчIеб батаниги гьелда хахдолел ратулаан. Аллагьасул гурхIел-рахIму кIудияб буго, щиб лъалеб гьедин букIун батизеги бегьула. Жиндирго тIанчIазе кьезе щвечIеб рокьи Нухиялъ кьолеб букIана катил тIанчIазе. Гьелъул унго-унгояб эбел лъугьун букIана, гьелъ гьел цIунулел рукIана, гьезда аскIоб микки рещтIинецин то-

леб букIинчIо. Мадугьалзабаз рукъзабазул подвалалъуб гьезие цIияб рукIел хIадурана. Лъималаз гьенире росун рачIана басрияб диваналъул къандалъаби, одеялалъул кескал, кваназе жо жаниб тIезе басрияб цIарагI. Нухиялъ тIалабги гьабун, кIудиял гIолел рукIана катил тIанчIи. Цо нухалда цояб билана. ЦIакъ рахIатхун, кьураб квенцин кваналарого букIана Нухи. Амма гьелъ гьеб балагьана, Нухи цебе къотIун катил тIинчIгун бачIана азбаралде. Нижер херай мадугьалалъ абуна: «Балагье цо, унго! ГIадамазда гьоркьор чан ругел гьагъаб Нухиялъул бугеб рокьи, тIалабагъаз лъималазул гьечIел!»- ан. Лъималаз гьелда Асият ункъачойилан абулаан. Бищунго лъималазда цадахъ Нухиялъул гьелъ гIезе гьарулел ругел катил тIанчIазулги тIалаб гьабулаан гьелъ. Лъималазеги гьей цIакъ хирияй йикIана. Щиб лъалеб, гьелъ абураб жо битIараб батизеги бегьула.





# ЯсикIо

Мухlамад Ахlмадов

Цебего ясалъе дица босараб
ЯсикIо батана рагъиде реххун,
Дица гьеб кодобе босулеб буго,
Суал гьелъий кьезе гIедегIун вуго:

–Дур чан сон, ясикIо?
–АнцIила щуго.
–Щай мун кIочон тараб?
–Дида лъаларо.
Каранде дунги къан,
ГьитIинаб мехалъ
ПатIимат кидаго
Йоххун йикIана.



КIудияй гIун йиго гьанже ПатIимат,
Гьелда кIочон тараб доб пашман буго.
Бихьулареб магIу гирулаго гьеб,
Гургинал бераз дихъ балагьун буго.

АскIое ахIана дица ПатIимат,
БетIералда тIад квер бахъана гьелъул:
–Дир яс, гьаб ясикIо
БукIаралъуб лъе,
КIудияй гIун йигин,
Гьаб реххун тоге.
Рохалил къоязул
Гьудул кIочонге,
ГьитIинаб мехалъул
ЛъикIлъи кIочонге.



...ЯсикIо нахъойги гьимулеб буго,
Гьеб ПатIиматица каранде къана.

# ЦIунцIра

БачIунеб буго цIунцIра
ЦIан хадуб ххарил сумгун,
ЦIунцIрабазул гохIде гьеб
Бихьула бахун унеб:

– ЦIунцIра, цIунцIра,
Сваканищ,
ЦIунцIра, цIунцIра,
Бакъанищ,
Бакъги багIарун бугин,
РагIадги бихьуларин?

–Дун гарцI гуро – сваказе,
КIанцI–кIанцI гуро – бакъизе,
Михъал кьурун хIалтIулеб,
ХIалчIахъад, цIунцIра буго.



# Гьаркьал

– ЧIи-чIи-чIи, –
ХIанчIил.
–КIанцI-кIанцI-кIанцI, –
ГIанкIил.
–ЦIи-цIи-цIи, –
ГарцIил,
–Ме-е-е,
КьагIрил,
–Ми-ми-ми, –
Катил.
–Хап-хIап-хIап, –
Тарщил,
ХIи-хIи-хIи, –
Чодул.
–ГIи-гIи-гIи, –
ХIелкил.
–Бу-бу-бу, –
Бугъил.
...ХутIарал гьаркьал
РакIаре дуцаго.




Росдада дандбитIараб мугIрул хьонлъуда кьагIи хьихьун вукIана Мухтар. Циндаго гьесда бихьана цо чIегIерлъи хьвагIелаго хьондаса гъоркье хьурун унеб. ГIажаиблъун эхеде валагьарав васасда, соролел телалъул кварал гурони щибго жо халлъичIо. Гьев векерун ана чIегIерлъи паркъун араб хъархъида нахъе. Гьениб батана хьибилалде ккун, цого кварказ хьвагIезабулеб, жеги цIубачIеб чIегIераб лочнол тIинчI. Гьелъул рукIана чIахIиял малъалги гьанаркIо гIадаб, гурун кIичIараб гозоги, чIухIараб балагьиялъул гургинал бералги.

— Боржине къуват щвезегIан, бусадаго букIарабани, — ян абуна Мухтарица, телалъул кварилълъги речIчIун, бортун букIиналдаги щаклъун.

Кодобе бачине квер бегьулаго, гьелъ гIамал гьабуна васгун багъизе, амма бахъине кIвечIониги, гьесул квералда унтиледухъ малъ бана.

— Дун хIинкъизавулебищ мун, — ан Мухтарица квералда цIирараб биялда мацI бахъана ва гIодобе туна. Цинги лочнол тIанчIил габур ккезе гьесана, гьелъги кверда гозо кIутIана, амма, кигIан унтаниги, гьитIинав бахIарчи гIодичIо.

— Гьедин багъулеб батани, дица мун гьадин бачина, — ян абун, гьес гьелда тIаде жиндирго пиджак рехана, мухIканго гьелда гъорлъги жемун, кодобе босана.

...Рокъове щведал, васас зодил гьачагъалъул тIинчIие гьоболлъи гьабуна: рахь тIуна, чед, белъараб картошка ва цогидалги нигIматал цере лъуна. Амма гьеб гIалхул хIанчIица, гьеб кинабго киса гурин кваналеб, берцин тIамичIо.

— Гьедин гуро гьеб кваназе ругьун гьабизе кколеб, — ан абуна инсуца. — Лочное бокьуларо, дир вас, дуца кьурабщинаб жо. Гьелъ кванала гIатIгояб гьан, — ан гIакълу кьуна инсуца. Васасе хIалае лъугьун, гьелъул ругъунги бухьана, чердакалда гьелъие рукъги гьабуна.

ЛъикIаб иш ккун буго дур гьеб рокъобе бачин, доба гIалахалда гьеб хвезе букIана. Гьанже гьел гьайбатал, чIухIарал хIанчIи цIакъго дагьлъун руго, гьел цIунизе ккола. Лучнулги цIумалги гьечIони, мугIрул мугIрул кколаро, росуги росу гуро — гьелда тIад цIумалги сверулел, лаченги паркъулеб гьечIони: гьеб букIуна жаниб чIаголъи гьечIеб, чIобогояб бакI.

...ЦIулал гIочIода гIатIгояб гьанал кесекги бан, Мухтар лъугьана хьергъу кваназабизе. (Хьергъуян цIар тана гьес лочнол тIанчида). Амма гьелъ гьелде гIамалго гьабичIо.

— Гьедин гуро гьеб кваназе ругьун гьабизе кколеб, — ан абуна инсуца. — гьелда цебе лъе цо гьитIинаб гьанал кесек, мунгоги вихьулареб бакIалде нахъе а. Цинги радалги къадеги цоккураб заманалда гьедин гьабе. ГIицIго



гьедин гьабуни гурого, Хъергъу дуде ругъунлъизе гьечIо.

Абухъе, радалалде гьелъ гьанал кесек кванан батана. Чанго къоялдасан гьев аскIов вукIагоги кваназе байбихьана. Хадуб дагь-дагьккун, кодосан кваназеги ругьунлъана. МоцIидасан Хъергъу балагьун чIун батулаан квенгун вас вачIиналъухъ. Кванaзе гьанги босун, гьев вачIаравго, кIанцIун бачIун васасул гъажалда чIолаан, ва хъатида жанисан кваналаан.

Къойидаса къойиде гьезул гьудуллъи щулалъулеб букIана. Амма Мухтарил рекIеда хIенсолел пикрабиги рижизе лъугьана: «Кваркьи сахлъила. Гьелдаса катан бахъарабго, боржун ина, катанго бахъичIогодай тела...»

Васасул пикраби лъарал гIадин, цо нухалъ инсуца абуна:

– Лачен ккола эркенлъи хирияб хIинчI. Ругъунги сахлъун буго, жибгоги щулалъун буго. Биччан те гьеб эркенлъиялде.

– Цодагьаб мехалъги чIа, дада, гьедигIан цIакъ къарумлъуге. Дун кIудияв гIураб мехалъ, дица босила нужее цIияб гьан, – ан гьардана вас. Эмен гьимана, ва щибго жо абичIого тана. Амма цо нухалъ, радал ворчIаравго, рекIелъ хIунсун рачIана: «Лачен ккола эркенлъи хирияб хIинчI» абурал рагIаби. БичIчIана гьезул магIна. Бусадаго хIукму гьабуна гьесул ракIалъ: «Эбел ячIарайго, катанги бахъун, Хъергъу эркенлъиялде биччала, – ян.

Гьогьомараб хасалихълъиялъул къо букIана. «Биччазени биччала, – ян пикру гьабуна Мухтарица. – Кибе гьеб инеб, гьелъие хинаб бакI киб букIунеб? Бокьараб бахъа – кьела дица гьелъие эркенлъи».

Ахирги васас кваркьиялдаса катан бичана, кодобе бачана,

тIасан кверал рахъун, беэдана, цинги гьаваялде реххун биччана.

Сахлъараб, жеги рухIги жанги щулалъараб Хъергъу, хьвагIун жиндирго халатал куркьбалгун, боржун ана. Росдада тIад свериги бахъун, рукъалда цебе бугеб борхатаб бигьародул гъотIода рештIана. Мухтар рагъиде ваккигун, ахIдана: «ЦIив, цIив, цIив, – ан. Цинги боржана ва тIерхьун ана мугIрулго рацараб накIкIулъе».

Гьелда хадуб ракI тIун аниги, Мухтарица жиндаго яхI гьолеб букIана. «Биччанте эркенлъиялда букIине» – абун.

Нахъияб къоялъ, радалиса къватIиве ваккарав васасул ракI рохалил цIуна: бигьародул каралълъги чIун, Хъергъу ахIдолеб букIана: «ЦIив, цIив, цIив...»

– Хъергъу! Хъергъу! – ян ахIдана живго цохIо рагъида вукIарав Мухтар.

ГъотIодаса боржунги бачIун, васасда тIад свериги бахъун, гьесул гъажалтIа рештIана Хъергъу.

– Дихъе тIадбуссана дир хириյаб хIинчI, – ан чанцIулго вохун такрар гьабуна васас, кодобе бачун, беэдана. Бакъвазе рарал куйдул хьалбаздаса гьанал кескалги къотIун, Хъергъуялъе гьоболлъи гьабуна.

Баркала кьолеб гIадин, лочноцаги жиндигоо «ЦIив, цIив, цIив...» такрар гьабуна.

...Хъергъуялъ жиндирго гьудул рехун течIо: добго борхатаб бигьародул каралълъ жиндиего бусен гьабуна, ва гьениб чIана.

Чанае унаан гьеб мугIруздеги гIалахаздеги. Щибаб къоялъ свералаби рахъулаан росдада тIад, амма киданиги росулъ бугеб гIанкIу-хIелекоялде, хIинчI-къедалде чан гьабулароан.

Киналго росдал гIадамазда лъалаан Мухтарил лачен, ва хIайранго ралагьулаан гьелъ гьаваялда гьарулел гьунаразухъ.



# Нугъаязул шагIир Бийке Кулунчаковалъул - 70 сон тIубайги баркулаго



* * *

Дун гIажаиблъула гьаб дунялалда,
ГIадам щай хIинкъулев лъикIлъи гьабизе,
Жанибго бахчун тун, гьаб гIумруялда
Жиндир рекIел лъикIлъи бихьизабизе?

Цогиязул лъикIлъи лъараб мехалда
Пашманлъуларо ракI, хинлъун лъугьуна.
Хасго нилъ чиякъго ругеб гIужалда,
Яги цо къварилъи ккараб ригьалда.

Бегьараб квер рохун къабул гьабулез,
КъвакIараб гьа бала кIочонгутIизе.
Хадуб, гIумруялъул икъбал битIараз,
Бахчун тола, жалго тIокIлъун рихьизе.

Нужеда кIочараб гьадабго лъикIлъи
Налъилъун балагьун бугин, сабурго.
БукIинчIищха лъилго кумек хIажалъи -
КъачIан чIун балагьги щвезе хIадурго.

ТIабигIаталъ щивго лъикIлъиялдаса
МахIрум гьавун гьечIо. ЛъикIлъи бокьаги.
Инкар гьабун тоге канлъиялдаса.
ТIалаб-агъазалде гъира батаги.

Бекьараб бижулин халкъалъул кици,
Хъазан кин гьалилеб бакичIеб цIетIа?
Борцине, цIазе щай цохIо къатIрацин,
Дуца кьураб рокьул цIадирабазтIа?

ЛъикIаллъун лъугьине хIинкъун чIечIого,
ХIинкъа нуж риччазе ракIал цIорозе.
Кумек хIажалъигун, хIакъирлъичIого,
Киридул гъаситухъ нужги хинлъизе.




ХІанчІазулги гІалхул хІайваназулги рохьил «гьундузухъ» жиде-жидер тІалаби руго: гІункІкІаз гІумру гьабула гъотІол кьалбакьехун, ихдалхІанчІазин абуни бусаби щущуна битІахъего ракьалда; гъотІоркІабазул ва рузазул рукІел букІуна – гъотІол гьодриниб, гьелъул рохтиялъул бищунго борхалъудайин абуни – цІумалъги хъарччигъаялъги лъола бусен.

Цо нухалъ дица халккуна рохьоб хІанчІазулги хІайваназулги щибаб тайпаялъ гІумру гьабулеб жиде-жидер тІалаялда хадуб.

Чанаре арал ниж ккана рохьил рацІцІалъуда ракъварал махигъутІби ругеб бакІалде. МахигъутІби жидерго ригьалде рахинегІан кІудиялги гІун, ракъвала. Цогидаб тайпаялъул гъутІби ракъван хадуб, гьезул хъал гІодбе гъвегъуна, рохти цебе лъун мех индал гьел турула ва ракьалде щапула. МахигъотІол пицІцІаххараб хъал тІаса бахъун унарелъул, гьелъ жанибе регьел биччаларо, чІагояб гІадин, бахъунчІовухъе букІуна. Турун хадубги, жаниса хведер гІадин лъугьараб мехалъгицин, рагьлица бакІлъизабун бугониги, рехун инчІого хутІун букІана. Амма гьединаб гъветІ рехизабизе лъугьани, гІодоб речІчІун, гьеб чІахІиял кесказде биххула. Гьединал гъутІби рехизаризе кІолеб букІаниги, нилъедего бортун бачІине бегьула, гІумруялъе хІинкъи букІуна.

Ниж – чанахъабийин абуни гьелде ругьунал рукІунелъул, нижеца гьел гъутІби гъираялда гІодор регизарула.

Гьединаб рацІцІалъуде щведал, реххизабуна нижеца кІудияб махигъветІ. Бортун бачІунаго, гьаваялдаго гьелъул чанго кесек лъугьана. Гьелъул цо геремалда жаниб бугоан хІанчІибусен. ГъветІ гІодоб речІчІаниги, жидерго бусенгун цадахъ къватІире рехун рачІин гурони, хІанчІитІанчІазе ккараб жо гьечІоан. ХІетрас тІад бижарал, жеги хІули баккичІел гьез багІарал ва чІахІиял кІалалги гьакІкІан, хІапаро гьаруле букІана. Нижеца ракьухІупрулги ралагьун, гьезие кванaзе кьуна. ТІанчІаз хІупрул къулчІана ва нахъеги кІалалги гьакІкІан, гІорцІизегІан квен кьеян гьаруле букІана.

КватІичІого, гозоялъ хІапароги ккун, роржун рачІана понцІорал хъахІал кІаркьабазул, хъахІилал хІанчІи – тІанчІазул эбел-эмен ва рештІана аскІор рахъунчІовухъе ругел гъутІбузул гІаркьалабазда.

–РорчІами, нижер хириял! Цо талихІкъосин ккана, амма нижер гьединаб мурад букІинчІо, - ян абуна нижеца хІанчІазда.

Гьайгьай, хІанчІи нижеда данде кІалъачІо. Гьезда гъветІ кибе арабали ва жидерго тІанчІазе щиб ккарабали бичІчІулеб букІинчІо.

Нижедаса гьел расги хІинкъулелги рукІинчІо. ГІаркьалидаса гІаркьалиде рахІатхун роржунел рукІана

– Гьале, гурищ, нужер тІанчІи! Гьаз нуж ахІулел рукІингІагийищ нужеда рагІулареб? – абун, гІодобе борта-



раб бусада ругел тIанчIи рихьизаризе лъугьана ниж.

ХIанчIазда нижер мацI бичIчIулеб букIинчIо. Гьел додинго рахIатхун, рихха-хочун роржанхъулел рукIана, амма жидерго тIалаялдаса цодагьалъниги гIодоре рачIине лъугьунел рукIинчIо.

– Дол нилъедаса хIинкъун ратизе ккола. РачIа, рахчилин нилъ, - ин абуна нижеца цоцазда.

Ниж рахчун чIана.

Пайда щиб, тIанчIиги додинго гьакIкIан кIалалгун гьарделел руго, гьезул эбел-эменги добго кьалха-риххараб хIалалда роржанхъулел хутIун руго.

Хадур кантIана ниж, гIадамазда гIадин, хIанчIазда жидеего бокьахъе бокьараб тIала хисун бажарулеб гьечIолъиялде. Гьезда гIицIго лъалеб жо букIана жидер тIанчIигун цадахъ, жидецаго гIумру гьабулеб букIараб тIала билун букIин.

– Вай-вай-вай! Нужго киналха кколел, гьедигIан цIакъалги тIубанго гIанталги. Куркьбалги руго, роржун гIодоре рачIинеги лъалеб гьечIо, сундулго пикру гьабизеги бокьулеб бихьуларо нужее! – ян абуна дир гьалмагъас.

Добго гьодриниб тIанчIигун цадахъ хIанчIибусенги лъун, герем нижеца гьезул биххараб тIалаялда данде кколеб борхалъиялда цоги бахъун чIараб гьотIода бухьана.

ГIемер мех иналде, талихIал эбел-эмен жидерго тIанчIазухъе руссана ва гьел кваназаризе лъугьана.

# Гьари буго

Драган Лукич,
(Сербиялъул шагIир)



**Гьари буго нужоде:**
**Къоло щуабилелда**
**Шагьаралда киналго**
**Машинаби чIезаре!**

**Нижер кIудада вуго**
**ВачIине гьоболлъухъе,**
**Гьесда жеги машина**
**Щибжояли лъаларо.**

**МугIрузул сухъмахъазда**
**Хьвадун ругьунлъарав гьев,**
**Машин ахIтIараб мехалъ**
**ХIинкъани щиб гьабилеб.**

**Нагагь данде чIваниги**
**Нужоца гьесда бице**
**Нижер мина киб бугеб,**
**Кисан вачIине кколев.**

**Дир кIудадаца тIад лъун**
**ХъахIаб шляпа буго,**
**РетIунги некIсиябго**
**Басрияб пиджак буго.**

**Разиял берал руго,**
**ЦIакъго лъикIаб ракI буго,**
**Ва ккодоб ккун берцинаб**
**ГIечги букIине буго.**

*Буссинабуна*
*МакъсутI ЗайнулгIабидовас.*

# Дир гьитIинал мадугьалзаби

Шамай Хъазанбиева

Лъимал, дие бокьун буго нужее дирго гьитIинал мадугьалзабазул бицине. Гьезул руго цIакъго цIакъ берцинал цIаралги – Шумайсат ва Аминат.

Шумайсатил буго ункъо сон, Аминатил – лъабго.

ЗобгIан хъахIилал бералги руго гьезул, канчIал расалги, релъулелъул кIаркьабазда лъугьунел гвендалги. Машааллагьха, цо гьезул берцинлъи. Дун росулъе ячIуней йигилан рагIидал, гьел кIарчанго дида хадур кIалъала. Рокъоегиха гьез дун йиччаларей. Дида къвалалги ран, квенчIелалдаса рахъунаро. Дие маргьабиги рицуна гьез. Дун ячIиналде, къватIги лъухьун батула гьез. КучIдулги ахIула гьез дие, кьурдизеги ругел цIакъалха гьел.

Бабае хIалае лъугьун, цо–цо квен гьабизегицин журала гьел, дахIабабал квералги ккун, тира–сверизеги уна гьел. Бищунго йокьулей кочIохъанги гьезул Зайнаб Махаева ккола. Гьелъул гурони дискалъухъги ралагьуларо гьел.

Росулъе щварайго, гьелгIаги ратулелъул, ракI бохунги букIуна дир.

Дир гьитIинал мадугьалзаби – гьел дие ккола рекIелъ кунчIарал талихIалъул цIвабилъун.



# Учительница

Аминат Маджидова,
7 классалъул цIалдахъан,
Махачхъала, № 58 школа
(Семендер посёлок)



ГIадан, чи вичIчIулей,
ХIалай ятулей,
ХIеренал рагIабаз
Асир гьаюлей.
ГIагарай, хIеренай
Нижер мугIалим,
Йокьула дие мун
Эбелго гIадин.
Къварилъи ккanaни
Кумек гIемерай,
Рохел бачIани –
Гьеб гIахьал гьабулей,
Лъималазул эбел,
Нижер учитель,
Гьабила дур хIурмат
Ниж цIалдохъабаз.

# Дир хирияб Дагъистан

Дир ВатIан – Дагъистан,
Дир хирияб рукъ.
Бокьула гьайбатаб,
Гьеб дур тIабигIат.
Рорхатал мугIрузда
ТIасан роржунел
Эркенал цIумазда
Бахиллъула дун.
Дир хирияб ВатIан –
Дир тIогьол кваcIи,
Бокьула дие мун
ГIагараб тIалъи.

# Росу

Дун йижараб, гIураб гIагараб росу,
Урхъун йиго даим духъе юссине.
Дур гьайбатал мугIруз, гъваридал кIкIалаз
РекIее гьабула хIайранаб асар.

Щибаб къо анагIан ракI цIала духъе,
Урхъарал лахIзатаз рехсола дур цIар.
Дир гьитIинаб ВатIан, дир рекIел кIутIи,
КIочон теларо мун, кие кканиги.




Лъималазул рокъов гIолев вугев гьитIинав васасда цIехолеб буго: «КIудияв гIедал щивлъун вахъине дуе бокьун бугеб?» Гьес жаваб кьолеб буго: «Дадалъун». «Щай?» -илан гьикъидал, гьес абулеб буго: «Дир киданиги дада вукIинчIо, гьединлъидал дунго дадалъун вукIине бокьун буго».

## ЖАКЪА ГIОДУЛЕЙ ЙИГО ДУН, МЕТЕР ГIОДИЗЕ РУГО НУЖ

- Щай нужеда дун йихьулей гьечIей? Щай нужее дун йокьуларей? Щай? – илан, ракIунтун гIодилаго, ахIдолей йикIана гьитIинай яс.

- Нижер гьитIинаб бакъ, йокьула мун нижее, амма регIун гьечIоха гьабсагIат дуде, гьоркьой чIвагеха, талихI кьеги, - ян букIкIинабуна гьез кIиязго гьумер.

- Жакъа гIодулей йиго дун, метер гIодизе руго нуж! - илан ахIун биччанги тун, анцIго сон бараб лъимер рокъоса къватIие екерун индалги, эбел-эмен телевизоралъухъ ралагьун рукIана.

* * *

Гьелдаса нахъе ана анцIила щуго сон.

- РачIа, дарман, цадахъ кире рукIаниги рилълъине. ТIуранго херал эбел-эмен кIочон тун ругин ккола дуда, - ян пашманаб гьимигун ясалдехун руссана умумул.

Дой гьитIинай яс гьанже гIезегIан иш цебе билълъарай чIужугIадан йикIана, амма гьелда кIоченчIо анцIила щуго соналъ цебесеб сордо, магIу бакъваниги, рекIелъ рукъ ккун чIараб эбел-инсуца лъукъараб лъималулаб рокьи.

- Дада, баба! Дир заман гьечIо! ТIокIаб къваригIел бугищ дидаса? – ян, кидаялиго гьитIинай жий гьезие гIадин, гьелги гьабсагIат чIалгIун лъугьараб асаргун цIехана ясалъ.

-«ГьечIо», - йиин абиялъул бакIалда бетIер гьанкIана умумуз.

- Батани, нух битIагиха, дир гIемерал ишал руго, - янги абун, нуцIа къана гьелъ.

Херазул гьурмаздасан магIил гарал гирулел рукIана... ТIаде щун букIана... метер...

# Чиякъав ветеран



Херав кIудада, гIодовги чIун, жиндирго орденалгун медалал кенчIезегIан рацIцIад гьарулев, цIвакизарулев вукIана. Гьел рукIана гIемерал: бахIарчилъиялъухъгун багьадурлъиялъухъ гьесие щварал. Гьел рацIцIунаго, гьесда ракIалде щолел рукIана рагъулал гьудулзаби, чIужу...мунагьал чураяй... Цо рахъалъ ракIалдещвеял рукIана ракI бохулел, лъикIал, амма гирун, гирун басрияб гьесул пиджакалде тIинкIулел магIил гараз бицунеб букIана ракIалдещвеязулъ гурони хутIичIел гьел гIадамазул пикрабаз херасул рекIелъ лъолеб букIараб пашманлъиги, тIабуссин гьечIеб заманалъ лъолел ругел ругъназул ссудиги.

Пиджакалда кенчIолел шапакъаталгун басрияб подъездалдаса къватIиве лъугьун вачIиналде Зоя Никитичнаялъ ва Настасья Филипповнаялъ азбаралда бугеб скамейкаялде, жидедаго аскIове хабаркIалалъе ахIана гьев.

МаркIачIул рукIкIунеб мехалъ гьеб басрияб скамейкаялда гIодов чIовухъего хутIана, дол руччабиги церего рокъое ун, вуссине чи гьечIев чиякъав херав. Релъа-рохулаго аскIосан унел гIолилазда вихьана гьев. амма, аскIоре рачIун, ракI батулеб хабар херав чиясе бицинегIан, гьезги «ралагье, махх-кIачги тIад бан кIусарав гьасдеги» - ян гIад-хоч гьавун тана херав.

Чиякъаб, пашманаб магIил горо гирун ана ветеранасул кIаркьадаса гъоркье...

Щайха нилъехъа бажарулареб нилъее гIоло хвалде унел рукIаразул адаб гьабун?

*Тумазул мацIалдаса буссинабуна*
*Тубхат Зургаловалъ.*



Соколёнок

ISSN№0203 - 3682

# Лачен

6/2016

ноябрь - декабрь

Иллюстрированный детский журнал.
Издается один раз в два месяца.

Учредитель:
Министерство печати и информации РД.

Регистрационный номер
ПИ №ТУ05-00348 от 01.12.2016г. выданный управлением Роскомнадзора по республике Дагестан.

Издается с января 1980 г.

Главный редактор
Мурад Ахмедов

Редколлегия:
А. МАЛАЧИЕВА (редактор выпуска)
М. АХМЕДОВ
М. АБДУЛХАЛИМОВ
М. БАРТИХАНОВ
Т. ЗУРГАЛОВА (ответ. секретарь)
М. ПАТАХОВ
Г. ХАБИБОВ

Худ. редактор З.Даганов
Тех.редактор Т. Лузина
Художник номера М. Муталибов
Оформление обложки М. Муталибов

Выход в свет 19.12.2016 г.
Тираж 1386 экз.
Заказ № 350

Типография: ООО «Издательство «Феникс пресс».
Адрес типографии: 367018, РД, г.Махачкала, ул. Петра I, 61.

Редакция и издатель: Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция респуб-ликанских литературных журналов «Соколенок» и «Литературный Дагестан»

Адрес редакции и издателя: 367025, РД, г.Махачкала, ул. Даниялова, 55.

Аварский язык
Индекс: на год - 63277,
на полугодие - 73902.

Цена свободная.